УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№14 (14071)

2026 гъэ, мазаем (февралым) и 28, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Хъуэхъу

***Урысейм и Президент Путин Владимир Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ республикэм щыпсэухэмрэ Хэкум и хъумакIуэм и МахуэмкIэ къайхъуэхъуащ.***

*«Ди къэралым илъэс мин бжыгъэ и тхыдэм къыхэщыж ди адэжьхэм я щIэблэ куэдым я лIыхъужьыгъэхэмрэ зауэ текIуэныгъэхэмрэкIэ цIэрыIуэщ. Ди гуапэ дыдэу дрогушхуэ лIыгъэ зыхэлъ, псэ быдэ зиIэ ди цIыхухэм, абыхэм нобэ щIыхь пылъу къыпащэ Хэкум псэемыблэжу къулыкъу хуэщIэнымкIэ хабзэр, Урысейм и цIыхубэм и хуитыныгъэр, шынагъуэншагъэр, къэкIуэнур яхъумэ. Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ, фIыгъуэ псори фиIэну!» — итщ Урысейм и Президентым и хъуэхъу тхыгъэм.*

Узыншагъэр хъумэн

# ЦIыхухэм я зэIузэпэщым

Урысейм и Президент Путин Владимир ВКС щIыкIэм тету узыншагъэр хъумэнымкIэ пэщIэдзэ Iыхьэр егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ Правительствэм хэтхэм зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ икIи Урысейм и хэгъуэгухэм сымаджэщхэр къыщызэIухыным хэлэжьыхьащ.

Ди къэралым и УнафэщIым псом хуэмыдэу къыхигъэщащ зэманым декIу, фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэм зегъэужьыныр къалэн пэрытхэм зэращыщыр, ар цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, унагъуэхэм, анэмрэ сабиймрэ ядэIэпыкъуным, къэралым и демографие щытыкIэм зегъэужьыным зэрепхар.

«Къэрэшей-Черкесым узыншагъэр хъумэнымкIэ и пэщIэдзэ Iыхьэр егъэфIэкIуэныр къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ къонэж. Ди къэралым и Президентым и унафэкIэ 2021 гъэм къыщыщIэдзауэ зэкIэлъыкIуэу догъэзащIэ проектым хэт Iуэхухэр, медицинэ инфраструктурэм, абы щIыгъуу жылагъуэ псэупIэ пхыдзахэм, зегъэужьыным гулъытэ хэха худощI.

Мы илъэсхэм республикэм ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр щыIащ узыншагъэр хъумэным и пэщIэдзэ IэнатIэм зегъэужьынымкIэ. 2021 гъэм къыщыщIэдзауэ узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэ 44-рэ зэрагъэзэхуэжащ, абыхэм ящыщу 28-р узыншагъэр хъумэным и пэщIэдзэ IэнатIэм зегъэужьынымкIэ программэм ипкъ иткIэ яухуащ икIи зэтрагъэпсыхьыжащ. Мы гъэм программэм иджыри IуэхущIапIэ 16 къызэщIеубыдэ: ахэр дохутыр амбулаторэщIэхэщ, фельдшер пунктхэщ.

Гулъытэ хэха худощI ди медицинэ IуэхущIапIэхэр иджырей медоборудованэкIэ, транспорткIэ къызэгъэпэщыным. Зэманым тегъэпсыхьа оборудованэу щэ бжыгъэ къэтщэхуащ, ягъэкуэш медицинэ комплексхэр, апхуэдэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэр нэхъ Iэрыхуэу щытыным, медицинэ къулыкъухэм я лэжьыгъэр нэхъ псынщIэу зэрагъэзэщIэным хуэунэтIауэ машинэ псынщIэу 60-м нэс къэтщэхуащ.

УФ-м и Президентым къытхуищIа пщэрылъхэр адэкIи дгъэзэщIэнущ, республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и бэзыр дгъэбыдэкIэрэ, ди цIыхухэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ щытыкIэфIхэмрэ я зэIузэпэщымрэ къызэдгъэпэщкIэрэ», — соцсетхэм щитхащ республикэм и Iэтащхьэм.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

СВО-ЛIыхъужьхэр



# Адыгэ щIалэр — Урысейм и ЛIыхъужьщ!

Мазаем и 23-м — Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм, Москва къалэм, Кремлым, УФ-м и Президентым и представительскэ пэшым Путин Владимир Урысей Федерацэм и ЛIыхъужьым и нагъыщэ «Дыщэ Вагъуэ»-р адыгэ лъэпкъым къыхэкIа къулыкъущIэм, подполковник Джэрийхэ Инал Артур и къуэм хуигъэфэщащ.

Адыгэ щIалэ - лIыхъужьыр Ставрополь крайм хыхьэ Курской районым щыщ Серноводскэ жылагъуэм къыщыхъуащ. Иужьым Iэпхъуэжащ Ищхъэрэ Осетием хыхьэ Мэздэгу къалэм.

Инал къулыкъу щещIэ Сухопутнэ дзэ пакIэхэм. КъуэкIыпIэ военнэ округым и етхуанэ общевойсковой дзэм и 57-нэ щхьэхуэ мотострелковэ бригадэм и штурмовой отрядым и командирщ. СВО-м хэтщ.

И зауэлI къалэнхэр игъэзащIэкIэрэ, щIалэм къигъэлъэгъуа гуеигъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ къыхалъытэкIэрэ, 2023 гъэм Инал къыхуагъэфэщащ «Орден Мужества» къэрал нагъыщэ лъагэр.

2025 гъэм ди лъэпкъэгъу къулыкъущIэ гуейр яхэтащ Запорожскэ областым хыхьэ Гуляйполе къалэр хуит къэзыщIыжахэм. ИкIи, ехъулIэныгъэ хэлъу и зауэлI къалэнхэр зыгъэзэщIа Джэрийхэ Инал хуэфащэу къыхуагъэфэщащ Урысейм и ЛIыхъужь щIыхьыцIэ лъагэр.

«Курской хэгъуэгур гъунэ имыIэу ирогушхуэ икIи ироин зи лIыхъужьыгъэ щапхъэкIэ къэралым и тхыдэм и напэкIуэцIыщIэм зыхэзытха я хэкуэгъу щIалэ гуейм», — жеIэ муниципалитетым и Iэтащхьэ къалэнхэр зыгъэзащIэ Бабичев Павел.

Мы къэхъугъэр — дуней хъурейм тет адыгэхэм я гушхуапIэ къызэрымыкIуэщ. Гвардии подполковник Джэрийхэ Инал Артур и къуэм щIыхь хэлъу егъэзащIэ офицерым и къалэнхэр, хахуагъэм, гуеигъэм, псэемыблэжу Хэкум къулыкъу хуэщIэным и щапхъэ нэсщ.

Инал зэрихьа лIыхъужьыгъэр тхыдэм зэрыхитхар езым къигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэ закъуэмкIэкъым, атIэ, къызытекIа лъэпкъ уардэм лIыщIыгъуэ бжыгъэкIэ зэIэпаха гуеигъэм и хабзэхэм я пыщакIуэущ, мамырыгъэмрэ пэжагъымрэ хъумэным я хъумакIуэущ, я телъхьэущ.

Адыгэ лъэпкъыр ирогушхуэ апхуэдэ лIыхъужь – щыпкъэхэр къызэрыщIэтаджэм. Абыхэм яIэтыр къызыхэкIа лъэпкъ закъуэракъым, атIэ зыщалъхуа хэгъуэгуми, Урысей псоми я щIыхьыр ягъэлъапIэ.

Джэрийхэ Инал — лIыгъэм и щапхъэщ, щIалэгъуалэм и щапхъэгъэлъагъуэщ. Апхуэдэ щIалэм иджыри зэ гурыIуэгъуэ тщещI Хэкум хуэщыпкъэныр, хэкупсагъэ-лъэпкъыпсагъэр.

Къэрэшей-Черкес Республикэм щыпсэу адыгэ лъэпкъри дыдогуфIэ ди щIалэ хахуэм. Дыхуохъуахъуэ узыншагъэ быдэ иIэу, и къаруи и жэрдэми и гур зыхущIэкъум хуиунэтIыну.

Насып, зэIузэпэщыныгъэ, гуфIэгъуэрэ мамырыгъэрэ щымыщIэу псэуным ящыщ Тхьэм уищI, Джэрийхэ я щIалэ хахуэ Инал! Тхьэм укъихъумэ!

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ**

Пшыхьым къикIыу

**Мазаем и 24-м Черкесск къалэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм Iуэхугъуэ зыбжанэ къызэщIэзубыда махуэщI пшыхь щекIуэкIащ. Ар теухуат Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм. МахуэщI зэхыхьэм къекIуэлIащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, республикэм и Правительствэм, ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) хэтхэр, жылагъуэ IуэхущIэхэр, республикэм и районхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, власть, хабзэ къулыкъущIэхэр, динырылажьэ пашэхэр.**

# ЗауэлI щIыхьым и махуэщI



Къызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ захуигъазэкIэрэ, КъЧР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ:

— Сывохъуэхъу псоми къэрал махуэщIым — Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм и щIыхькIэ! Мы Махуэр лIыгъэм, зауэлI щIыхьым, Хэкум псэемыблэжу къулыкъу хуэщIэным, щIэблэхэм я зэпыщIэныгъэ быдэм и щыхьэтщ. Дэ догъэлъапIэ Хэкум къулыкъу хуэщIэныр гъащIэ гъуэгуу къыхэзыхахэр, мамыр жылагъуэм и шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщхэр, мамырыгъэр къытхуэзыхъумэхэр.

Къэрэшей-Черкес РеспубликэмкIэ мазаем и 23 махуэщIым мыхьэнэ хэха иIэщ, сыту жыпIэмэ республикэм щыпсэухэр сыт щыгъуэ зэмани Хэкум и хъумакIуэ щыпкъэхэщ. Дэ ди щхьэхэр яхудогъэщхъ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, хэкIуэдахэм, интернационал къалэнхэр зауэ, зэхэуэ зэхуэмыдэхэм щызыгъэзэщIахэм. Дэ фIыщIэ яхудощI шынагъуэншагъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ къызэгъэпэщыным телажьэ хабзэхъумэ, шынагъуэншагъэ къулыкъухэм щылажьэхэм. Нобэ ди гушхуапIэщ СВО-м и фронтхэм Iут ди зауэлIхэр. Хэкур хъумэныр — конституцэ къалэн къудейкъым, ар гур езышажьэ джэ макъыу адэм къуэм щIэину къыхуигъанэ лъапIэныгъэщ. Апхуэдэ хабзэфIыр унагъуэхэм къыщокIуэкI, щIэблэкIэрэ зэIэпахыу, — жиIащ Темрезов Рэшид.

Абы кIэлъыкIуэу, зауэхэм, зэуапIэхэм зи щхьэ щызыгъэтIылъа щIэблэ псоми яхуэщыгъуэу, я щхьэр гъэщхъауэ дакъикъэкIэ щытащ пшыхьым хэтахэр.

«За заслуги перед Карачаево-Черкесской Республикой» орденхэр а махуэм хуагъэфэщащ зыбжанэм:

АБДОКЪУЭ Олег — СВО-м и ветераным, ЛIыгъэм и орденищым я кавалерым;

ЖДАНОВ Геннадий — зауэм ныкъуэдыкъуагъ хэзыха зауэлIхэм я Урысейпсо жылагъуэ организацэм, «ВоИн»-м и хэгъуэгу къудамэм и тхьэмадэм;

МАГОМЕДОВ Рустам — Урысейм и ЛIыхъужь Боташев Къэнэмэт и цIэр зезыхьэ военнэ еджапIэ Купсэм и унафэщIым.

МахуэщI дауэдапщэм къриубыдэу, СВО-м и ветеранхэу Биджиев Асхьэдрэ Жэгуэтэн Iэдэмрэ КъЧР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу ФIыщIэ тхылъхэр яхуигъэфэщащ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI зы Iуэхугъуи щекIуэкIащ утыкум: Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэр игъэзащIэкIэрэ, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид 34-нэ гвардейскэ мотострелковэ бригадэм и Бэракъыр, Президентым и Iэпэр зытедзар, иритыжащ 34-нэ бригадэм и командирым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ткаченко Роман.

— Командованэм, си щхьэкIэ къызбгъэдэкIыу псоми, зэрыреспубликэу фIыщIэ фхудощI 34-нэ мотострелковэ бригадэр къызэрызэдгъэпэщрэ къытхуэфщI гулъытэм, зэпымыууэ дэвгъэгъуэт дэIэпыкъуныгъэмрэ щIэгъэкъуэныгъэмрэ папщIэ. Псоми ди зэхуэдэ, дызыхуэпабгъэ ТекIуэныгъэм и хэлъхьэныгъэщ ари. Псоми сывохъуэхъу мазаем и 23-м и щIыхькIэ. Зи къуэ СВО-м хэтхэу мы пшыхьым нобэ къекIуэлIа анэхэм, адэхэм фи бынхэр узыншэу, икIэщIыпIэкIэ фи пащхьэ къихьэжыну Тхьэм жиIэ! Дэ къыдэлъыта псори тщIэнущ фыдмыгъэщIэщхъуу ди къулыкъу етхьэкIыным папщIэ, — жиIащ Ткаченко Роман.

Махуэм и пыщэ хьэлэмэт хъуащ утыкур зэраIэта къафэхэр, уэрэдхэр, зыкъэгъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэу балигъхэри, ныбжьыщIэхэри, сабийхэри зыхэтар.

**ТУАРШЫ Ирэ**



Хъуэхъу

***Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид чыристан жылагъуэм ехъуэхъуащ «Великий пост»-кIэ зэджэ нэщIыгъуэ пIалъэ лъапIэр къызэрихьам и щIыхькIэ.***

*«Си гум къыбгъэдэкIыу чыристан псоми сывохъуэхъу нэщI мазэ Лъагэр — псэ къабзагъэмрэ Iуэху угъурлыхэмрэ я зэманыр — къызэрихьамкIэ!*

*ДяпэкIэ тхьэмахуиблыр чыристанхэмкIэ мыхьэнэ хэхакIэ гъэнщIауэ щытынущ. «Великий пост»-м дигу къегъэкIыж мыкIуэщI фIыгъуэхэр: гущIэгъур, гудзакъэр, гулъытэр.*

*Муслъымэнхэмрэ чыристанхэмрэ я нэщIыгъуэр мы гъэм зэтехуащ. Ар ди гъунэгъум угъурлыгъэрэ фIылъагъуныгъэрэкIэ дызэрыбгъэдэтыпхъэм, лъэпкъ, дин зэхэдз зэримыщIым и нагъыщэщ. Ирехъу а мазэхэр зэгурыIуэныгъэм, зэныбжьэгъугъэм, лъэпкъ куэду зэхэт Урысейм щыпсэу псоми я зэкъуэтыныгъэм хуэтч иджыри зы лъэбакъуэ махуэ.*

*Си гум къыбгъэдэкIыу сывохъуэхъу узыншагъэ быдэкIэ, зэIузэпэщыныгъэрэ угъурлыгъэрэкIэ!» — соцсетхэм щитхащ хэгъуэгум и Iэтащхьэм.*

ФIыщIэ

# Лэжьыгъэр зэрагъэкIуатэм

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым Къэрэшей-Черкесым къыбгъэдэкIыу хэт сенатор Къэзэнокъуэ Кърымрэ зэIущIащ.

Ахэр тепсэлъыхьащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, зауэ операцэ хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэным, къинэмыщIауэ, сенаторыр зэпымыууэ зыхэт унэтIыныгъэхэм ящыщ зым — Урысейм и дзэ къулыкъущIэхэмрэ къэралым и гъунапкъэ щIыналъэхэмрэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэр яхуегъэшэным теухуа Iуэхугъуэхэм.

АдэкIэ Къэзэнокъуэ Кърым къытепсэлъыхьащ и хабзэгъэув лэжьыгъэм, профиль комитетым щилэжьым, ди къэралым и зыхъумэжыныгъэм хуэгъэзауэ правовой базэр гъэбыдэным, и шынагъуэншагъэмрэ хьэлэмэтхэмрэ хъумэным хуэунэтIа жэрдэмхэр гъэхьэзырыным зэрыхэтым.

Ар щхьэхуэу къытеувыIащ Урысейм и Президент Путин Владимир къигъэува стратегическэ къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ, къэралым и хэгъуэгухэм, абыхэм ящыщу Къэрэшей-Черкесми, я сэбэп зыхэлъхэр хъумэнымкIэ щIыналъэхэм я палатэу щыт ФедерацэмкIэ Советым и лэжьыгъэм. Федеральнэ властым и органхэм ядэлажьэкIэрэ икIи хабзэгъэув унафэхэр гъэхьэзырыным хэткIэрэ, Парламентым и ищхьэ палатэр щIэгъэкъуэн мэхъу республикэм и щытыкIэ щхьэхуэхэр къыхалъытэнымкIэ, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ.

КъинэмыщIауэ, лъэныкъуитIыр тепсэлъыхьащ сенаторыр Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм зэраIущIам кърикIуахэм, цIыхухэм я зыхуэгъэзэныгъэхэм жэуап зэрыригъэгъуэтам. Къыхэдгъэщынщи, а лэжьыгъэр зэпымыууэ йокIуэкI, цIыхухэм къабгъэдэкIа сыт хуэдэ зыхуэгъэзэныгъэри сенаторым и нэIэм щIэтщ, унафэхэр псынщIэу къащтэ, федеральнэ къулыкъухэм быдэу зэрадэлажьэм и фIыгъэкIэ.

Зэпсэлъэныгъэ нэужьым, Къэрэшей-Черкесым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуищI хэлъхьэныгъэм папщIэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым и унафэщI Матвиенко Валентинэ къыбгъэдэкIыу Къэзэнокъуэ Кърым Темрезов Рэшид ФIыщIэ тхылъ иритащ.

«Къэрэшей-Черкесым социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным хуэсщI хэлъхьэныгъэр къыхилъытэкIэрэ, Урысей Федерацэм и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым и унафэщI Матвиенко Валентинэ къысхуищIа гулъытэр сэркIэ щIыхьышхуэщ икIи гуапэ дыдэ сщыхъуащ.

Ди зэдэлэжьэныгъэм уасэ лъагэ зэрыхуищIам папщIэ фIыщIэ хузощI Матвиенко Валентинэ Ивановнэ. ФедерацэмкIэ Советым и спикерыр сыт щыгъуи щIэгъэкъуэн мэхъу ди хэгъуэгур егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ, абы и дэIэпыкъуныгъэр сыт щыгъуи зыхыдощIэ», — соцсетхэм щитхащ республикэм и лIыщхьэм.

# Уэрэдыр и гъащIэу

**Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ я артист, Урысей Федерацэмрэ Къэрэшей-Черкесымрэ я цIыхубэ артист, Къэрэшей-Черкес къэрал педагогическэ университетым щIыхь зиIэ и доктор, Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэ щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкIэ колледжым и унафэщIу щыта Гъуэт Хъусин мазаем (февралым) и 27-м илъэс 85-рэ ирикъунут. Абы и макъ лъэщымкIэ жиIауэ щыта «Си нанэ», «Адыгэ нэмыс», «Iэлъын цIыкIу», «ИстамбылакIуэ», «Гуащэгъагъ и гъыбзэ», «Голуби», «Си къэшэн», «Гимн дикой дивизии», «Песня об Эльбрусе» уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри нобэ IупщIу дэтхэнэми ди тхьэкIумэм итщ, ди гур ягъэхуабэ.**

## И сабиигъуэр

Хъусин 1941 гъэм мазаем и 27-м Жьакуэ къуажэм щыщ Гъуэтхэ Азэмэт-Джэрийрэ Хъаджэтрэ я унагъуэм къихъухьащ. ЩIалэр анэ-адэм я бын закъуэт. Хъусин адэншэу къэтэджа сабийхэм ящыщщ: ар иджыри илъэс хъуатэкъым и адэр зауэм щыдэкIам икIи, жагъуэ зэрыхъущи, абы къигъэзэжакъым. Азэмэт-Джэрий и письмохэр 1943 гъэм и бжьыхьэм зэпыуащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар Курск и Iэгъуэблагъэхэм щекIуэкIа зэхэуэшхуэм хэкIуэдащ.

Хъусин и сабиигъуэр зауэнэужь зэманхэм техуами, езым IэфIу, гуапэу игу къинэжа лъэхъэнэщ. Гъэмахуэ мазэ жьэражьэхэр къуажэм дэс щIалэ цIыкIухэм псыхъуэм щагъакIуэт: загъэпскIт, дыгъэм зыхуагъафIэт, бдзэжьей ещэт, джэгукIэ зэхуэмыдэхэр зэхаублэт.

Гъэмахуэм плъапIэу яIэр Инжыдж ЦIыкIу псыхъуэрамэ, щIымахуэ кIыхьхэр Хъусин игу къинэжат анэм жиIэу щыта хъыбарыжьхэмкIэ, уэрэдхэмкIэ. ЩIалэ цIыкIум и псэр а хъыбархэм, уэрэдхэм дихьэхт, сабийм и гущIэм ахэр хэтIысхьащ, и дуней еплъыкIэри куэдкIэ яухуащ. Хэт ищIэнт апщыгъуэм илъэс бжыгъэ текIа нэужь, анэм зыщигъэгъуэзауэ щыта уэрэд куэд Хъусин концерт утыкушхуэхэм зэрыщыжиIэнур…

Апхуэдэурэ сабийм и гъащIэр хуэму, мамыру кIуатэт. ЖыIэпхъэщи, Хъусин щIыкIей, гушыIэ хэлът. Сыт хуэдэ джэгуми, щIалэ цIыкIухэр зэпщэфыIэми — ар пашэхэм яхэтт.

Дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэхэращи, къуажэдэсхэр абыхэм нэIуасэ хуэзыщIу щытар радиорщ. КъинэмыщIауэ, радиом къиIукI зэпытт уэрэдым теухуа программэ зэхуэмыдэхэр. Хъусин а радиоконцертхэр фIэфI дыдэт, зэхих уэрэдхэр зэуэ и гум ириубыдэт икIи пщIантIэм, унэм, еджапIэм щыжиIэрейт. Сабийм и макъ дахэм гу лъатагъэххэти, ар еджапIэм къыщызэрагъэпэщ концертхэм, дауэдапщэхэм хагъэхьэт.



## ЩIалэгъуэ дахэр

Гъуэтым и щIалэгъуэр зытехуа пIалъэр къэралым иригъэкIуэкI ухуэныгъэм и зэманыгъуэ фIыгъуэт. Абы къыхэкIыу, 1959 гъэм, Хъусин курыт еджапIэр къиуха нэужь, и дэфтэрхэр щIелъхьэ Черкесск къалэм дэт, ухуакIуэ IэщIагъэм здыхурагъаджэ училищэм. Апщыгъуэм училищэм и унафэщIу щытар Сымхьэ СулътIант. Ар лIы зэтеубыдат, дзэм, зауэм хэтати, еджапIэм дежи щыткIийт. Арами, унафэщIым макъамэм, уэрэдым, щэнхабзэм гулъытэ ин хуищIт, гъуазджэм цIыхум и зыужьыныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу къилъытэт.

Дауи, унафэщI набдзэгубдзаплъэм зэуэ гу къылъитащ уэрэд жыIэным хуэжыджэр адыгэ щIалэм. Уеблэмэ ар и псэм фIэфI хъуащ, адэ пэлъытэу къыщхьэщытащ. Хъусин хагъэхьащ училищэм художественнэ зыужьыныгъэмкIэ щыIа гупым. Езым иужькIэ жиIэт, СулътIан хуабжьу къызэрыдэIэпыкъуар, гъащIэм деж зэриунэтIар.

Дунейм ущытеткIэ, гуфIэгъуэм къинэмыщIауэ, гъащIэм къыдэкIуэ хабзэщ гуауэри. Хъусин и еджэгъухэм ягъусэу, Эркен-Щыхьэр практикэ ягъэкIуауэ, паркет иралъхьэт, къулыкъущIапIэм щылажьэ бзылъхугъэм Хъусин телефоным зэрыраджэр щыжиIам: Хьэбэз дэт сымаджэщым кърашIыкIт, и анэр хьэлъэу абы щIэхуащ. Асыхьэтым гупсысэ пIейтейхэм зэщIащта Хъусин, и лъакъуэрыгъажэм тетIысхьэри, уэшхыр къежэхыу, епIэщIэкIыу Хьэбэз нихусащ. ЩIалэр сымаджэщым щынэсам я Iыхьлыхэр зэхуэсагъэххэт. Ар анэм бгъэдыхьэри, «Дауэ ущыт, Хъаджэт?» — жиIащ, зэрынэщхъейр анэм иримыгъэлъагъун и мураду. Анэм и жэуапт, абы мы дунейм и гъуэгуанэр зэрыщиухар. Ар и къуэм елъэIуащ унэм ишэжыну, сымаджэщым и псэр щыхэкIыну зэрыхуэмейр жиIэри.

Пщэдджыжьым Хъусин и анэр унэм ишэжыну гъуэгу техьащ. Ахэр «Iэдииху» чэщанэр тыншу здэплъагъу щIыпIэм щынэсым, Хъусин къэувыIэри, жиIащ: «Хъаджэт, плъагъурэ, мес Iэдииху и чэщанэр. Абы и хъыбарыжь, уэрэд дапщэрэ къызжепIа?»

Анэм псэлъэну къару иIэжтэкъым, ауэ и нэхэр чэщанэм тригъэплъызащ пIалъэкIэ. Хъаджэт и къаруушагъэр зыхэзыщIэ къуэм и нэпсхэр и нэкIум щежэхыурэ Жьакуэ къынэсыжахэщ…

Хъаджэт дунейм ехыжа нэужь, щIалэм и гъащIэм жэщ кIыфIым зыкъытриубгъуащ. Апщыгъуэм Гъуэтым и ныбжьыр илъэс 20-м иту арат. И анэр пасэIуэу IэщIэкIа щхьэкIэ, зэгуэрми и гум иригъэхутэкъым абы лъагъуныгъэу къыхуиIар. КъыжриIэу щыта псалъэ пэжхэр и джэрпэджэжт, абыхэм гугъэ нэху кърат, къару къыхалъхьэт...

А пIалъэ хьэлъэм ирихьэлIэу Черкесск къеблэгъат Саратов консерваторэм щыщ комиссэр. ИкIи Хъусин бгъэдэлъ зэчийр къызыгурыIуэ, абы къыхуэгузавэ Сымхьэ СулътIан чэнджэщ-письмо кърыгъэзу къыхуетх: «ПсынщIэу Черкесск къакIуэ. Саратов къикIа комиссэ къэкIуауэ, консерваторэм щIагъэхьэну ныбжьыщIэхэр къыхаш. Сэ абыхэм яжесIащ уэ макъ лъэщ зэрыуиIэр, ахэр къодэIун зэрыхуейр».

ЛIы губзыгъэм зэрыжиIауэ Хъусин ещIэ, комиссэм йокIуалIэри, и макъыр, и зэфIэкIыр къегъэлъагъуэ. Комиссэм зэдэарэзыуэ щIалэр Собинов и цIэр зезыхьэ Саратов консерваторэм вокалымкIэ и къудамэм щIэгъэхьэн хуейуэ унафэ къахь.

ХъыбарыфIыр Хъусин и Iыхьлыхэм щажриIэм, абыхэм ар ягъэзэхуакъым. Абыхэм жаIэт, ар Карачаевск пединститутым щIыхьэмэ нэхъ тэрэз зэрыхъунур. Хъусин и гур уэрэдым ихьэхуами, и Iыхьлыхэм зытракъузэ институтым экзаменхэр щIыхьэн папщIэ итыну ежьащ. Абдеж ар щыIущIащ комиссэм хэт, и цIыхугъэ Зэгъэщтокъуэ Ольгэ. ЩIалэр Саратов консерваторэм ящтэу къыщицIыхум, бзылъхугъэм жиIащ Хъусин Iэмал имыIэу абы кIуэн зэрыхуейр. Махуэ бжыгъэ дэкIри, ар институтым щыIущIащ адыгэбзэкIэ езыгъэджа Тамбий БэтIал. А лIы губзыгъэми Саратов Iуэхур къыщищIэм, Хъусин жриIащ ар абы шэч хэмылъу еджакIуэ зэрыкIуапхъэр…

Хъусин экзамен псори тыншу итат, икIи щIыхьащ институтым. Iыхьлыхэр арэзыт, гуфIэгъуэ Iэнэ къызэтрагъэуват, псори къехъуэхъут. Ауэ езы Хъусин зэгупсысыр нэгъуэщIт, ар псэкIэ хэдагъэххэт: «Пщэдджыжь жьыуэ «Зеленчук-Черкесск» гъуэгум сытетын хуейщ». Хъусин и псэр дэзыхьэх лъагъуэм яхутекIакъым. Апхуэдэу щIалэр и псэр, и гур зыщIэхъуэпс, зыхуэпабгъэ лъагъуэм щыгъыни, шхыни, ахъши имыIыгъыу теуващ икIи хъуэпсапIэм нихусащ.

## Еджэгъуэр, къулыкъур

Консерваторэм деж вокалымкIэ Хъусин и егъэджакIуэу щытар Чернышевскэ и цIэр зезыхьэ оперэмрэ балетымрэ я театрым и уэрэджыIэ пашэ Шевелевэ Аннэщ. ИужькIэ нэгъуэщI егъэджакIуэхэри иIащ, дэтхэнэри сэбэп хъуащ щIалэм и макъыр гъэувынымкIэ, абы зегъэужьынымкIэ. ЕджапIэм щIалэм щызэхихащ урысей, хамэ къэрал авторхэм я оперэ партиехэр. Хъусин и дунейр щIэращIэт, еджэным гупсэхугъуэ къыхуихьт. А псом къыдэкIуэу щIалэр хущIэкъут оперэ спектаклхэр димыгъэхуу, дэтхэнэри щIиплъыкIыну. Абыхэм и псэр яхьэхупат. Апщыгъуэм студентхэм я нэхъыбэр еджэт икIи лажьэт. Хъусини театрым и уэздыгъэхэр гъэлэжьэнымкIэ IэнатIэм пэрагъэуващ. Ар фIэфI дыдэт, сыту жыпIэмэ сценэм къыщыхъу дахагъэхэм нэхъ пэгъунэгъут…

1962 гъэм и гъэмахуэ пIалъэу Гъуэт Хъусин Жьакуэ къэкIуэжри, и гъащIэм деж Iуэхугъуэ дахэ къыщыхъуащ. Абы унагъуэ дищIащ, псэгъу хуэхъуащ зэрыцIыкIу лъандэрэ ицIыхуу щыта БакIуу Айшэт. ХьэгъуэлIыгъуэ нэужьым, мазэ дэкIри, Хъусин Саратов игъэзэжащ, еджэным пищэжын хуейт. АрщхьэкIэ абдеж абы «къыщыпэплъэт» военкоматым и повесткэр. Илъэсипл IкIэ — 1962-1966 гъэхэм — Гъуэтым къулыкъу щищIащ Тихоокеанскэ флотым. Ауэ абдежми ди лъэпкъэгъум и зэчийр хигъэкIуадэкъым. Офицерхэм я Унэм творческэ гуп къызэзыгъэпэщ сэлэтхэм ар хагъыхьауэ щытащ.

Дзэ къулыкъур щызэфIэкIым, Хъусин консерваторэм игъэзэжащ. Абдеж щрихьэкIа еджэгъуэ илъэсхэм кърихубыдэу, Хъусин зригъэщIащ уэрэд зэхуэмыдэхэр: романсхэр, ариехэр. Гъуэтым фIыуэ илъэгъуахэм ящыщщ урыс лъэпкъ уэрэдыжьхэри.



## ГуащIэдэкIым и япэ лъагъуэхэр

Консерваторэр къыщиух илъэсым Хъусин Волгоград областым хыхьэ Камышин къалэм къикIыу тхылъ къыхуагъэкIуащ: Гъуэтыр ирагъэблагъэт къалэм дэт макъамэ училищэм щригъэджэну. Апхуэдэ гулъытэр хуабжьу гуапэт, ауэ Хъусин и Хэкум хуезэшат, и унэ къэкIуэжыну щIэхъуэпст.

Хэкум къигъэзэжа нэужь, Хъусин илъэситIкIэ щылэжьащ Хьэбэз къуажэм дет макъамэ еджапIэм. Зэманыр кIуатэт, Камышин къалэм кърагъэкIа тхылъым иджыри къару иIэт. Езы Хъусини щIэхъуэпст адэкIэ зиужьыну, бгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ студентхэм ядэгуэшэну. Апхуэдэу абы триубыдащ Камышин къалэм Iэпхъуэжыну. Абдеж творчествэм етауэ илъэсибл щигъэкIуащ. Педагогическэ Iуэхугъуэм къинэмыщIауэ, Хъусин абдеж Iэмал щигъуэтат симфоническэ, урыс лъэпкъ Iэмэпсымэхэм я оркестрхэм ящIыгъуу сценэм къытехьэну. Апхуэдэ IэмалыфIыр вокалистымкIэ хъуэпсапIэт.



Гъуэт Хъусин и гъащIэр дахэу екIуэкIт. Унагъуэр, лэжьыгъэр тыншу зэдэгъуэгурыкIуэт. Ауэ цIыхум и гъащIэ гъуэгум къыпэщылъыр ищIэу щытыгъамэ, и лъэр здытеувэнури зэригъэзахуэтэкъэ...

Апхуэдэу хы ФIыцIэ Iуфэм деж Хъусин щрихьэкIа зыгъэпсэхугъуэ пIалъэм кIэух хуэхъуащ машинэ зэжьэхэуэныгъэ шынагъуэр. Ар псэууэ къызэрелар дохутырхэм ягъэщIагъуэт. УэрэджыIэр къелыным, и къару къихьэжыным сэбэп хуэхъуащ и унагъуэм хуиIа фIылъагъуныгъэр, и щхьэгъусэм зэпымыууэ, емытIысэхыу абы къыкIэлъызэрихьа гулъытэр.

## ЦIэрыIуагърэ щIыхьрэ къелъэщ

Зэрыхабзэщи, гукъеуэр и закъуэу къеблагъэкъым. Хъусин и къару къихьэжу щыхуежьэм, гуауэр къэкIуащ щхьэгъусэм и дыщымкIэ: Айшэт и анэр дунейм ехыжащ, и адэр операцэ хьэлъэ ящIащ. Дауи, Айшэт и адэр къигъанэ хъунутэкъым, абы къыхэкIыу унагъуэм Къэрэшей-Черкесым къагъэзэжащ.

Апхуэдэу, 1981 гъэм Гъуэт Хъусин егъэджакIуэу щылэжьэн щIедзэ Черкесск къалэм дэт макъамэ училищэм. Педагогическэ лэжьыгъэм къинэмыщIауэ, Хъусин жылагъуэ Iуэхугъуэхэми хэт зэпытщ. А зэманым зи макъыр и фIыгъуэ дыдэм хуэкIуа Хъусин и концертхэр щокIуэкI къуажэ клубхэм, организацэхэм. ЖыIэпхъэщи, концертхэр ехъулIэныгъэ яIэу къыщызэрагъэпэщт Къэрэшей-Черкесым и мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгэ Республикэми.

Псом хуэмыдэу, Гъуэт Хъусин игъэзащIэ уэрэдхэм ящыщу цIыхубэм нэхъ зыхащIэт урыс, адыгэ уэрэдыжьхэр. Ищхъэрэ Кавказым и композиторхэу Тхьэбысым Умар, Тыкъуэ Къаплъэн, Даур Аслъэн, Ногайлиев Мэжид сымэ я уэрэдхэу Хъусин и макъымкIэ игъэIуахэри хуабжьу цIэрыIуэт.

А пIалъэм Гъуэтым и творчествэр йофIакIуэ: областым и радиом и хорым щIыгъуу уэрэд жеIэ, уэрэдыщIэхэр нэхъыбэ мэхъу, «Нарт» IуэрыIуатэ ансамблыр къызэрегъэпэщ. И макъ лъэщ, удэзышэхым и мызакъуэу, Хъусин Тхьэм къыбгъэдилъхьат артист зэчийри. Абы и уэрэд жыIэкIэм цIыхухэр игъэпIейтейт. Абы къыхэкIыу, ар щIэх цIыхубэм фIыуэ къалъэгъуащ.

1991 гъэм Хъусин къыхуагъэфащэ республикэм щэнхабээмкIэ и министрым и къуэдзэ IэнатIэр. ПцIым сыт и Iэмал? Ар пIалъэ хьэлъэт: къэралым щэнхабзэри нэгъуэщI лъэныкъуэгъазэ куэдри Iэпэдэгъэлэл щыхъуат… Арами, республикэ псом и профессиональнэ гъуазджэр зи нэIэ щIагъэува Гъуэтыр и пщэрылъхэр нэхъусауэ зэригъэзэщIэным сыт щыгъуи пылъащ. Ар хущIэкъут хэгъуэгум и напэу къалъытэ филармонием, «Эльбрус» къэфакIуэ гупым, макъамэ училищэм зариiгъэужьыну, я пщIэр къиIэтыну.

Зи Iуэху бгъэдыхьэкIэрэ зи зэхэщIыкI инрэ къыхалъытэ Хъусин 2003 гъэм къыхуагъэфащэ Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэ училищэм и унафэщI IэнатIэр. Мыбдежым абы лъэныкъуэ куэд и нэIэм къыщIэуват: ар унафэщIт, чэнджэщэгъут, егъэджакIуэт, ущиякIуэт, экономистт.

А пIалъэм Гъуэт Хъусин ирихьэлIа псоми жаIэт ар цIыхугъэрэ гулъытэрэ зыбгъэдэлъ цIыху щыпкъэу зэрыщытыр. Апхуэдэт и лэжьэгъухэри, и студентхэри — псоми дахэкIэ япыкъуэкIыну Iэмал къигъуэтыну лъэкIт.

Хъусин зэрызиумысу щытащи, абы и гъащIэм гъуазджэр, уэрэдыр хэмыту и нэгу къыхущIэгъыхьэтэкъым.

«Уэрэдым гъащIэ езытыр уэрэджыIэращ. Нэхъыщхьэр жыпIэм и мыхьэнэращ, ар цIыхубэм я гум нэсрэ, хьэмэрэ ахэр уэрэдым хуэгунэфу къанэрэ. Си уэрэдхэр бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ згъэIуащ. СызэрегупсысымкIэ, дунейм утетыху IуэхуфI зехьэпхъэщ. Гъуазджэр фIым хуэзгъэлэжьэну сыхущIокъу. Согугъэ, ди лъэпкъ гъунэгъухэм я бзэхэмкIэ згъэIуа уэрэдхэм лъэпкъхэр зэпэгъунэгъу зыщI мамырыгъэ къадэкIуауэ», — жиIэт мамырщIэкъуу щыта Хъусин.

## Зыужьыныгъэр щхьэпэщ

Гъуэтым и гъащIэм гъэщIэгъуэн куэд щилъэгъуащ, цIыху цIэрыIуэхэм, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъхэм ядэлэжьащ. Апхуэдэщ Даур Аслъэн, Тут Заур, Тыкъуэ Къаплъэн, Сметанников Леонид, Лещенко Лев, Гасташевэ Наталье, Темыркъан Борис, Басков Николай, нэгъуэщIхэри. ЗэIущIэ гъэщIэгъуэнхэм я фэеплъу Хъусин зэрихьэт сурэт телъыджэхэр.




Артистым гукъинэж щыхъуащ хамэ къэралхэм щилъэгъуа хабзэхэр, цIыхухэр. Хъусин сыт щыгъуи хуабэу игу къигъэкIыжт Испанием, Италием, Тыркум, Польшэм щрагъэкIуэкIа концертхэр. Абы къыхигъэщт хамэ къэралхэм деж Кавказым щыщ лъэпкъхэм я уэрэдхэр щыжиIэкIэ, ди щэнхабзэр цIыхухэм ягу зэрыдыхьэр, абы нэхъри зэригъэгушхуэр.

«Бзэр умыщIэуи, уэрэдымкIэ, макъамэмкIэ, къафэмкIэ лъэпкъхэр зэпэгъунэгъу пхуэщIынущ, гъуазджэм псори дызэпещIэ», — жиIауэ щытащ Хъусин. Дауи, ар пэж дыдэщ. Макъамэм, къафэм, лъэпкъ псом и псэр хыболъагъуэ, куэд къыпхуеIуатэ…

Нэхъыщхьэращи, Гъуэт Хъусин насыпыфIэу зыкъилъытэжу щытащ. «СынасыпыфIэщ. ФIыуэ слъагъу Iуэхугъуэр си IэщIагъэщ. Си унагъуэкIи насыпыфIэ сыхъуащ. Абыхэм сыт щыгъуи зыкъысщIагъакъуэ. СыщогуфIыкI си студентхэм я ехъулIэныгъэхэм, абыхэми насыпыфIэ сащI!» — зэпсэлъэныгъэхэм языхэзым жиIэгъауэ щытащ абы.

Хъусин зыщIэхъуэпсу щыта гъуазджэм и дунейм щыпсэуащ, зэрысабийрэ гухэлъ зыхуищIауэ щыта бзылъхугъэ дахэр псэгъу зыхуищIыну лъэкIащ. Айшэтрэ езымрэ къуищ зэдапIащ. Абыхэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ бгъэдалъхьащ, езыхэми я гъащIэ лъагъуэ ягъуэтыжащ. Русланрэ Беслъэнрэ юриспруденцэм зратащ. И къуэ Аслъэн адэм и лъагъуэм ирикIуащ, артист, композитор зэчиифIэ хъуащ. Абы макъамэ куэд ээхилъхьащ. Фигу къэдгъэкIыжынщ ар зыхэта «Оштен» гуп лъэрыхьыр. Гупыр цIэрыIуэ щыхъум, абы и цIэр хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми зэхахащ. Апхуэдэу, Канадэм щыпсэу ди адыгэхэм я жэрдэмкIэ, Аслъэн а къэралым ирагъэблагъэри, я симфоническэ оркестрым и дирижёру щытащ. ЩIалэм классическэ макъамэми, адыгэ лъэпкъ макъамэми фIыуэ хещIыкI.

Артист лъэрыхь, цIыху гъэщIэгъуэнышэ Гъуэт Хъусин и ныбжьыр илъэс 81-м иту 2023 гъэм и дунейр ихъуэжауэ щытащ. Хъусин и творческэ къэухьыр къэпщытэжыгъуейщ, абрагъуэщи. Ауэ, нэхъыщхьэр аращи, артист телъыджэр и гъащIэр зытриухуа музыкэм сыт щыгъуи хуэпэжащ.

ЦIыхубэм ауэ жиIакъым: «ЦIыхум и цIэр псэухукIэ езыри псэущ» жэуэ. Нобэ Хъусин и макъри, и уэрэдхэри, и фэеплъри псэущ, шэч хэмылъу!

**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэщ**



Анэдэлъхубзэхэр хъумэным

# Бзэр лъэпкъым и дамэщ

**Ищхъэрэ-Кавказ къэрал академием «Проблемы сохранения родных языков в условиях языкового многообразия Карачаево-Черкесии» зи щхьэщIэдзапIэ Iэнэ хъурей зэIущIэ щекIуэкIащ.**

**Абы и мурад нэхъыщхьэу щытащ анэдэлъхубзэхэр хъумэным мыхьэнэуэ иIэм жылагъуэмрэ властым и къулыкъухэмрэ гулъытэ хуагъэщIыныр, абыхэм адэкIи загъэужьынымрэ къытщIэтаджэ щIэблэм къахуэгъэнэнымрэ ехьэлIэуэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщыныр.**



ЗэIущIэм и лэжьыгъэм хэтащ Къэрэшей-Черкес Республикэм лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымрэкIэ и Министерствэм, хэгъуэгу хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, СКГА-м и лэжьакIуэхэмрэ студентхэмрэ.

Iэнэ хъурейм ипкъ иту, тхылъ-методическэ тхыгъэхэм, художественнэ литературэмрэ лъэпкъ фащэхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт къызэрагъэпэщащ.

Дауэдапщэр къызэIуихащ СКГА-м дизайнымрэ лингвистикэмрэкIэ и институтым и унафэщI Батчаевэ Лидэ Тохътар и пхъум. Абы жиIащ мы Iуэху щхьэпэр дэтхэнэ зыми къызэрыдэхьэлIар, абы папщIэ ди анэдэлъхубзэхэр хъумэнымкIэ тхузэфIэкI тщIэн зэрыхуейр.

ИужькIэ доклад къащIащ республикэм лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымрэкIэ и Министерствэм и IэщIагъэрылажьэ Аджиев Руслан, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Чомаев Заур, академием «Межкультурная коммуникация» и кафедрэм и унафэщI ТIыгу Лелэ, лингвистикэмкIэ и кафедрэм и доцент Деккушевэ Айшэт, мы кафедрэм и егъэджэныгъэ программэм и пашэ Урусовэ Каринэ сымэ.

Аджиев Руслан къытеувыIащ республикэм анэдэлъхубзэхэр хъумэнымрэ абыхэм загъэужьынымрэкIэ щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Къыхигъэщащ нобэрей махуэм ирихьэлIэу Къэрэшей-Черкесым и къэрал бзиплIыр Яндекс компанием и сервисхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар, ахэр бжыгъэ и лъэныкъуэкIэ, иджырей хъыбарегъащIэ къэухьым зэрыхыхьамкIэ лъэбакъуэшхуэ зэрыхъуар.

— Бзэр лъэпкъым и дамэщ. Аращ абы и лъэпкъыщхьэр адрейхэм яхэмызэрыхьу къыхэзыгъэщыр, и щхьэхуэныгъэхэр зыгъэлъагъуэр. Бзэхэм, псом хуэмыдэу лъэпкъ мащIэхэм я анэдэлъхубзэхэм я къэкIуэнур елъытащ щIэблэрэкIэ ар зэрызэIэпахым. Лъэпкъхэм я анэбзэр хъумэным хуэунэтIауэ диIэ пщэрылъхэр мащIэкъым. Псоми ди зэхуэдэ къалэнщ анэдэлъхубзэм пщIэ хуэтщIыныр, абы и дахагъым, къабзагъым хэдмыгъэщIыныр, зэфIэкIыу бгъэдэлъым хэдгъэхъуэныр, хъумэныр, зегъэужьыныр. Хъумэным къикIыр зыщ — абы зэпымыууэ ирипсэлъэн хуейщ. Бзэм урипсалъэмэ, зиужьынущ, ефIэкIуэнущ, зиIэтынущ. Шэч зыхэмылъыжращи, бзэр щымыIэжмэ, лъэпкъ щхьэхуэуи щыIэжынукъым, — жаIащ къэпсэлъахэм.

ЗэIущIэм хэтахэр къытеувыIащ щIэблэм анэдэлъхубзэхэр зэрырагъэдж тхылъхэми мыхьэнэшхуэ зэраIэм. Ахэр бзэхабзэм и IуэхугъуэхэмкIэ гъэнщIа закъуэу щымыту, дызыхэпсэукI гъащIэм езэгъыу, иджырей ныбжьыщIэхэм я дуней лъагъукIэм пэджэжу, ауэ, зэхэщIыкI лъагэрэ щIэныгъэ куурэ къариту зэрыщытыпхъэр.

КъинэмыщIауэ, утыку кърахьащ бзэхэр хъума хъун папщIэ къагъэсэбэп технологиехэр. Апхуэдэщ «АНОДО Зайцев Клаб» Купсэм, «Кадама» АНО-м, «Sunny Republik» Купсэм я унафэщIхэу Къамэ Мурат, Хубиев Ислъам, Семеновэ Саният сымэ я проектхэр. Абыхэм къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ сабийхэр бзэм дегъэхьэхыным, ар ягъэщIэным ехьэлIауэ къагъэсэбэп Iэмалхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ.

Iэнэ хъурейм кърихьэлIахэр тепсэлъыхьащ анэдэлъхубзэхэр цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэн щIыным, ахэр медиам, егъэджэныгъэ щIыпIэм щыгъэIэным, щIыналъэм и бзэ зэмылIэужьыгъуагъэр гъэбыдэнымкIэ адэкIэ ящIэнухэм. Апхуэдэ Iуэхухэр зэрырагъэкIуэкIыр щхьэпэ мэхъу республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щхьэхуэныгъэр хъумэным, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным яхуэгъэзауэ.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

Ди нэхъыжьыфIхэр

## ЩIыхь зыпылъ ныбжьым



Мазаем и 23-м къыщалъхуа махуэр игъэлъэпIащ ди нэхъыжьыфI Чэнджэщауэ Сэхьид Iэдэм и къуэм. Абы и ныбжьыр илъэс 97-рэ ирикъуащ. Ар Хэку зауэшхуэми гуащIэдэкIыми я ветеранщ. Илъэс 97-р — щIыхь зыпылъ ныбжьщ. Илъэсищэм пэгъунэгъу дыдэ хъуахэм зыхэпсэукIа зэманым зыпэщIэхуа гъэунэхуныгъэ псори къызэпачащ, абыхэм я нэхъ шынагъуэхэм ящыщщ Хэку зауэшхуэр. Апхуэдэщ Чэнджэщауэ Сэхьиди.

Ди нэхъыжьыфIым и махуэмкIэ ехъуэхъуащ Зеикъуэ къуажэ поселенэм и администрацэм и Iэтащхьэ Зэубыд Рустам Кърым и къуэр. Абы фIыщIэ, пщIэ зыхэлъ псалъэхэр жриIащ гугъуехь мымащIэ къызэрызэринэкIам, гъащIэм и гъэунэхуныгъэ мытыншхэм лIыгъэ, быдагъэ къызэрыщигъэлъэгъуам папщIэ. Ехъуэхъуащ узыншагъэ, насып, гупсэхугъэ иIэну, илъэс куэдкIэ псэуну икIи Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыбгъэдэкIа хъуэхъу тхылъымрэ къуажэ поселенэм и администрацэм къыбгъэдэкIа саугъэтымрэ иритащ.

Юбилярым быни 5 иIащ, къуэрылъхупхъурылъхуи 9, абыхэм къатехъукIыжауэ нэрыбгэ 16 иIэщ. И гъащIэ псом Сэхьид колхозым щылэжьащ. Зауэ нэужьми губгъуэм илэжьыхьащ, пенсэм кIуэху. Иджыпсту и къуэмрэ и нысэмрэ я гъусэу мэпсэу. Нагъыщэ, медаль куэд иIэщ.

## И гуащIэдэкIкIи и унагъуэкIи щапхъэ

2026 гъэм мазаем и 24-м Хьэбэз къуажэм щыщ Тхьэкъуахъуэ Хъызыр Мэхьмуд и къуэм и ныбжьыр илъэс 90 ирикъуащ. А махуэм Хьэбэз къуажэ поселенэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Борсэ И., IэщIагъэрылажьэ нэхъыжь Туаршы Ф. сымэ гуапэу ехъуэхъуащ абы и юбилеймкIэ икIи ди нэхъыжьыфIым хуагъэфэщащ хъуэхъу тхылърэ ахъшэ саугъэтрэ. АбыкIэ администрацэм и лIыкIуэхэм къагъэлъэгъуащ зауэ илъэсхэмрэ зауэ нэужь зэманымрэ Хъызыр ирихьэкIа гуащIэм папщIэ фIыщIэ зэрыхуащIыр.



Хъызыр Мэхьмуд и къуэр и гуащIэдэкI лэжьыгъэм и мызакъуэу, и унагъуэкIи щапхъэщ. И щхьэгъусэмрэ езымрэ бынитху зэдапIащ, абыхэм къащIэхъуащ къуэрылъхуипщI, абыхэм сабиибгъу къащIэхъуэжащ. Нобэ ди нэхъыжьыфIыр и къуэ нэхъыщIэ Зунелрэ абы и бынхэмрэ и гъусэу мэпсэу зэгурыIуэу, хьэщIэгъафIэхэу, и Iыхьлы гъунэгъухэм я гулъытэрэ я лъагъуныгъэрэ щымыщIэу.

Хъызыр Мэхьмуд и къуэм гъащIэ кIыхь, купщIафIэ къикIуащ. Езым и ныбжьхэм яхуэдэу, гугъуехьхэм пхыкIащ. Абы и гъащIэм гуфIэгъуэри гуауэри зэхэтащ.

Тхьэкъуахъуэм и сабиигъуэри, и щIалэгъуэри зауэ, зауэ нэужь зэманым техуащ. Илъэс 90 ирикъуами, Хъызыр и акъылыр къабзэщ, гъащIэр фIыуэ елъагъу.

Абы игу къокIыж и гуащIэдэкI гъащIэм хыхьа псори: IэкIэ гъавэр хасэу, лэжьыгъэр къыхахыжу, мэкъу еуэу, ар зэщIакъуэжу, трактор зэрихуэу зэрыщытар. Абы ерыщагъэрэ хьэл быдагъэрэ зэрыхэлъар къыдэIэпыкъуащ гъащIэм зыпэщIэхуа гугъуехьхэм пэлъэщыну.

Хъызыр Мэхьмуд и къуэм дэри дохъуэхъу узыншагъэрэ гукъыдэжрэ иIэу и щIэблэм иджыри куэдрэ ящхьэщытыну!

Егъэджэныгъэ

# Иджырей зэманым тегъэпсыхьауэ

**Черкесск къалэм еджакIуэ 400-м щIигъум ятегъэпсыхьа еджапIэщIэм и ухуэныгъэр икIэм нагъэс.**

Республикэ къалащхьэм дэт е 6-нэ курыт еджапIэм ухуэныгъэщIэ щыдащIыхьащ, пэщIэдзэ классхэм щеджэнухэм папщIэ. Абы щрагъэкIуэкI ухуэныгъэ-лэжьыгъэхэр зэлъэщIагъыхьэщ, икIи мы гъэм мэлыжьыхьым и 1-м хуэкIуэу ар икIэм нагъэсын я мурадщ. А пIалъэм къриубыдэу, еджапIэ пщIантIэри зэрагъэзэхуэжыну ягъэнаIуэ.

Абдеж ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIми, Черкесск къалэм капитальнэу зэрагъэзэхуэжа е 5-нэ курыт еджапIэмрэ «Аленушка» сабий IыгъыпIэмрэ я Iуэхур зэрыхъуами иджыблагъэ хэплъащ ар зи нэIэм щIэт гупыр. Абыхэм ящыщщ УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкIыу хэт сенатор Къэзэнокъуэ Кърым, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Узденов Солтан, КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Смакуев Дагир, республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэ, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтымрэкIэ министр Узденов Рэшид, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэр, «Зыуэ щыт Урысей» партым и хэгъуэгу исполкомым и унафэщI Джамбаев Руслан, Черкесск къалэм и мэр Баскаев Алексей сымэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2022 гъэм е 6-нэ еджапIэм зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкIат. Арами, еджапIэм сабийхэр зэрыщIэмыхуэжрэ куэд щIат. Иджы нэхъыщIэ классхэм папщIэ, къатищу зэтет, зэманым декIу, нэху, Iэхуитлъэхуит, зэбгъузэнатIэ мини 2-м нэс хъу ухуэныгъэр дращIеящ. Абы хэтщ спортивнэ, актовэ пэшхэр, шхапIэр, творчествэм зыздрагъэужь щIыпIэхэр. НобэкIэ абы и кIуэцIым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI: блынхэр кърашIыкI, лъэгухэр иралъхьэ...

Лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьауэ зэрекIуэкIым арэзы къищIа нэужь, щIэплъыкIакIуэ гупым иунэтIащ къалэм дэт «Аленушка» сабий IыгъыпIэм. Абдеж зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIагъэххэщ. Мы зэманым сабий IыгъыпIэр зыхуэныкъуэ псэуалъэхэмкIэ яузэд, пщIантIэр зэрагъэзахуэ. Псори зэхэту къапщтэмэ, лэжьыгъэр хьэлэмэту зэнэгъэса хъуащ икIи мэлыжьыхьым и 1-м къызэIуахыжын я мурадщ.

КъыкIэлъыкIуэу щIэплъыкIакIуэ гупыр екIуэлIащ, зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр яухыу, еджакIуэхэм я еджэныгъэр здыщIадзэжа е 5-нэ курыт еджапIэм. НыбжьыщIэхэмкIи егъэджакIуэхэмкIи мы еджапIэр тыншу, фIагъ хэлъу къызэгъэпэща зэрыхъуар жаIащ гупыр езыгъэблэгъа еджапIэм и лэжьакIуэхэм.

ЩIэплъыкIакIуэ гупым хэтахэр а махуэм здэщыIа егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм, ухуэныгъэ лэжьыгъэр езыгъэкIуэкIхэм япсэлъащ, гу зылъытапхъэ лъэныкъуэхэр наIуэ къащIащ.

— Нобэ псоми ди нэкIэ тлъэгъуащ республикэм лэжьыгъэфI зэрыщекIуэкIыр. Зы еджапIэмрэ сабий IыгъыпIэмрэ куэд иIэжкъым къызэIуахыжыным. Е 5-нэ еджапIэм и къызэгъэпэщыкIэкIи, и теплъэкIи арэзы укъещI, нэрылъагъущ ди зыужьыныгъэр. Пэжщ, щыIэщ ныкъусаныгъэ гуэрхэр. Ауэ, ахэр пхузэмыгъэзэхуэжыну щыткъыми, икIэщIыпIэкIэ абы и ужь дихьэнущ, — жиIащ Узденов Солтан.

Джамбаев Руслан щIэплъыкIыныгъэхэм ипкъ иту КъЧР-м капитальнэ ухуэныгъэмкIэ и Дирекцэм, ухуэныгъэр езыгъэкIуэкI организацэхэм, къалэ муниципалитетым захуигъэзащ лэжьыгъэхэр намыгъэс ипэ къихуэу шынагъуэншагъэ щытыкIэр къызэгъэпэщыным, интернет зэпыщIэныгъэр яхущIэшэныр Iуэхум зэуэ къыхалъытэну.

— Нэрылъагъущ «Зыуэ щыт Урысей»-м и лъэпкъ программэр зэрылажьэр. Нобэ е 5-нэ еджапIэм щылажьэхэми дайпсэлъэн дыхущIыхьащ, икIи егъэджакIуэхэр зэрыарэзыр, сабийхэмкIэ зэрытыншыр зыхэтщIащ.

Япэу дыздекIуэлIа е 6-нэ еджапIэр зэманым декIуу зэрыдращIеяр тлъэгъуащ. Къапщтэмэ, ухуэныгъэр щIэуэ къыщIэбдзэмэ, ар сытымкIи нэхъ тыншщ, узэрыхуейуэ, сабий псоми я тыншыгъуэ хэлъу богъэпсыф. Ухуэныгъэр езыгъэкIуэкI подрядчикыр Iуэхум жэуаплыгъэ хэлъу зэрыбгъэдыхьэр къыхэгъэщыпхъэщ.

Сабий IыгъыпIэм зыхуэдгъазэмэ, ар 1937 гъэм яухуауэ щыта унэщ. Абы и зэгъэзэхуэжыныгъэми ипэм къыщыщIэдзауэ дыкIэлъыплъащ. Пэжу жыпIэмэ, ипэхуным абы нэгъэсауэ зыгуэр къыхэкIынымкIэ гурыщхъуэ сиIэт. Ауэ дгъэщIэгъуащ ар зэрыхъуар. Гугъу дехьами, сабийхэми, лэжьакIуэхэми, адэ-анэхэми ягу дыхьэну согугъэ.

Е 5-нэ еджапIэр и инагъымкIэ къалэм щыетIуанэщ. Лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ мыбдежи. Пэжщ, щыIэщ гу зылъыдмытэу къэна Iуэхухэр. Апхуэдэщ интернет щIэшэныр, спорт утыкухэр къызэгъэпэщыныр. Ахэр программэм хэмыхьэу къэнахэращ. Ахэр зэрызэдгъэзэхуэжын хэкIыпIэ долъыхъуэ, зыхэбгъэхьэ хъуну программэхэм дыхоплъэ, икIи ари куэд мыщIэу зэфIэдгъэкIыну Iуэхущ, — жиIащ Джамбаев Руслан.

ЩIэплъыкIыныгъэм хэтахэр арэзыуэ, ныкъусаныгъэ мыинхэр зэгъэзэхуэжыным зэрелэжьынумкIэ зэгурыIуауэ зэбгырыкIыжащ.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

СВО-лIыхъужь

## Псэ къару

Урысейм и Президент Путин Владимир зэрыжиIэщи: «Зауэ операцэ хэхам и зэманым ди зауэлIхэм зыкъагъэлъагъуэ лIыгъэ, IэкIуэлъакIуагъ яхэлъу, лIыхъужь нэсу. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа урысей зауэлIхэр я блыпкъ зэгъэкъуауэ мэзауэ. А зэкъуэтыныгъэм, я Iуэхур зэхуагъэм зэрепхам фIэщхъуныгъэ къызэрыхалъхьэм, ди хъумакIуэхэм зыхащIэ дэIэпыкъуныгъэ иным — Урысейм и къаруушхуэ, къару мыухыж хэлъщ».



Иужь илъэсхэм къэхъуа Iуэхугъуэхэм, ди къэралыр гъэунэхуныгъэ къызэрымыкIуэхэм зэрыпэщIэхуам къигъэлъэгъуащ ди цIыхухэм я лIыгъэмрэ я быдагъэмрэ. СВО-м хэт дэтхэнэ лIыхъужьми и щIыбагъ дэлъщ гъащIэ гъуэгуанэ гъуэзэджэ, хьэл-щэн нэсрэ лIыхъужьыгъэрэ. Ахэр нобэ нэрылъагъу хъуащ. Апхуэдэ цIыхухэм я лIыгъэмрэ я псэемыблэжыныгъэмрэ я фIыгъэщ ди къэралым щытыкIэ хьэлъэ дыдэхэми текIуэныгъэр къыщIихьыфар.

ЛIыгъэм и щапхъэ нэрылъагъухэм ящыщщ ди хэкуэгъу, зауэ къулыкъущIэ, Хьэбэз районым щыщ Жьакуэ къуажэм къыщыхъуа Теркъул Марат Арсен и къуэр, «Мудрый» позывнойр зиIэр. Зауэ операцэ хэхам щыкIуа махуэ дыдэхэм щегъэжьауэ Марат лIыгъэ къызэригъэлъэгъуамрэ и къалэным зэрыхуэпэжымрэкIэ къилъэщащ и къулыкъуэгъухэм я пщIэмрэ унафэщIхэм къызэрыхагъэща гулъытэмрэ. Апхуэдэу, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, зауэ операцэ хэхам хэту Урысейм и къэрал хьэлэмэтхэр хъумэнымкIэ гуеигъэрэ псэемыблэжыныгъэрэ къызэригъэлъэгъуам папщIэ Теркъул Марат Арсен и къуэм Жуковым и медалыр къыхуагъэфэщащ. Абы и лIыхъужьыгъэм къегъэлъагъуэ и къэралым и хуитыныгъэмрэ и хьэлэмэтхэмрэ папщIэ сыт хуэдэ бэлыхьми пэщIэувэну хьэзыр зауэлIхэм я псэ къарум и лъэщагъыр.

Ди лIыхъужьым къару, псэ быдагъэ, мамыр гъащIэ иIэну дохъуэхъу! Марат и щапхъэм дэ псори дыкъыхуегъэуш цIыхум и хьэлщэн нэхъыфIхэр къэдгъэлъэгъуэным, Хэкум и сэбэп зыхэлъ Iуэхухэм дыхуэлэжьэным.

Дрогушхуэ ди лIыхъужьым! Марат хуэдэ цIыхухэм я фIыгъэкIэ долъагъу цIыху къызэрыгуэкIыр и лъэпкъымрэ къэралымрэ я хъумакIуэ зэрыхъур.

**Зыгъэхьэзырар ЕЗАУЭ Маринэщ**

«Парта Героя»

## ЛIыхъужьым и фэеплъу



**Черкесск къалэм дэт 13-нэ гимназием щызэхашащ мы еджапIэм къыщIэкIа, зауэ операцэ хэхам и ветеран Плохой Владимир и цIэкIэ ЛIыхъужьым и Партэ къызэIухыным теухуа дауэдапщэ.**

ЗэIущIэм хэтащ Урысейм и Офицерхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм ди хэгъуэгум щиIэ къудамэм и президиумым и тхьэмадэ, Афганистаным щекIуэкIа зауэхэм хэта Мамчуев Иссэ-Алий, лIыхъужьым и анэ Плохая Аннэ, гимназием и унафэщI Цеикъуэ Радинэ, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ.

Псалъэ гуапэхэмкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ Владимир и япэ егъэджакIуэу щыта Къущхьэ Iэсят. Ар къытепсэлъыхьащ и гъэсэн щIалэм и еджэгъуэ илъэсхэр зэрыригъэкIуэкIам, къыхигъэщащ цIыхугъэу, гуапагъэу, хьэл быдагъэу хэлъар. ЕгъэджакIуэм жиIащ и щIалэгъуэм къыщыщIэдзауэ абы жэуаплыгъэр, Хэкум хуэлэжьэну зэрыхьэзырыр къыхэщу зэрыщытар. ЛIыхъужьым и цIэкIэ къызэIуаха Партэр щагъэуващ Владимир здеджа кабинет дыдэм.

«ЛIыхъужьым и Партэм дэсыныр хуагъэфэщэнущ еджакIуэ нэхъыфIхэм — еджэнымкIэ ехъулIэныгъэ зэраIэм, гъащIэ жыджэрагъ зэрахэлъым, щапхъэ зэрыхъум папщIэ. Ар щIыхь зыхэлъ къудейкъым, атIэ жэуаплыгъэшхуэщ», — и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ еджапIэм и унафэщI Цеикъуэ Радинэ.

«Мы махуэр гимназием дежкIэ граждан зэхэщIыкIымрэ хэкупсэу щытынымрэкIэ дерс щхьэпэ дыдэ хъуащ, лIыхъужьхэр къызэрытхэтыр, абыхэм я фэеплъыр хъумэныр ди къалэн лъапIэу зэрыщытыр псоми дигу къигъэкIыжащ», — жиIащ фэеплъ зэIущIэм къыщыпсэлъа дэтхэнэми.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «ЛIыхъужьым и Партэ» Урысейпсо егъэджэныгъэ проектыр — ар хэкуэгъу гъуэзэджэхэм, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм, зэпэщIэувэныгъэ зэхуэмыдэхэм, зауэ операцэ хэхам хэтахэм я фэеплъыр хъумэным хуэунэтIа жэрдэмщ. Апхуэдэ Партэр гъэсэныгъэ IуэхущIапIэхэм щагъэув икIи абы епхащ ЛIыхъужьым, абы и гъащIэ гъуэгуанэм, и лIыгъэм теухуа хъыбархэр.

**УАЗАЕ Маринэ**

ДегъэпIейтей

## Къабзагъэм хуэгъэзауэ

Республикэм и къуажэ куэди, къалащхьэри зыгъэпIейтей щытыкIэщ зи гугъу тщIыну дызыхуейр. Ар зэхьэлIар уэрамхэм щхьэрыуэу дэт хьэ хьэулей зеиншэхэращ. А щытыкIэм утемыгузэвыхьынкIэ Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ хьэр хьэщи, абы шынагъуэ къыщыпыкIынур, ищIэнур зыми ицIыхукъым. Абы и щыхьэту, къохъу хьэ хьэулейхэр цIыхухэм щапыбани, сабийхэр щагъащти.

А псори Iуэхум къыхэлъытауэ, Черкесск къалэм лэжьыгъэ щхьэпэ щрагъэжьащ, хьэ хьэулейхэр къэубыдыным, шынагъуэншэ щIыным ехьэлIауэ. Къалэ мэрием къызэритымкIэ, ягъэнэIуа лэжьыгъэ къалэнхэм тету IэщIагъэлIхэм къалэм и район щхьэхуэхэм къыщаубыдын щIадзащ хьэхэр. Апхуэдэ районхэр къыхахащ тхьэусыхэ къатахэм тету. Нэхъыбэу тхьэусыхэхэр къикIащ зи №№ 9, 19 гимназиехэм я Iэхэлъахэхэм, Кавказскэ, Лободина, Октябрьскэ, Космонавтов уэрамхэм, Одесскэ уэрам дыхьэм.

ЖыIэпхъэщи, илъэсыр зэрыщIидзэрэ хьэ хьэулейуэ 25-рэ къаубыдащ. Ахэр яшащ Адыгэ Республикэм щыIэ пIалъэ щхьэегъэзыпIэхэм. Абдеж хьэхэм мастэ зэхуэмыдэхэр халъхьэнущ, ягъэкъэбзэнущ, мыбэгъуэным и Iэмалхэр кIэлъызэрахьэнущ. А псори зэфIэкIа нэужь, хьэхэр къыздаубыда щIыпIэхэм щаутIыпщыжынущ.

Мэрием фыкъыхуреджэ хьэхэмкIэ тхьэусыхэ зиIэм ЖКХ Управленэм мы телефонхэмкIэ хъыбар евгъэщIэну: **8 (8782)20-26-06;** лэжьэгъуэ махуэхэм, сыхьэтыр 9-18-м. Хъунущ Черкесск къалэ мэрием и соцсетхэм запыфщIэми: ТГ, ВК, ОК-хэм.

**Зыгъэхьэзырар ТУАРШЫ Ирэщ**

СВО — дэIэпыкъуныгъэ





# ЗауэлIхэр зыхуэныкъуэр

Мазаем (февралым) и 24-м зи чэзу гуманитар хьэлъэ гулъэр иратащ 34-нэ гвардейскэ мотострелковэ (бгырыс) бригадэ щхьэхуэм щыщ зауэлIхэм.

Гулъэр зэхуахьэсащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и деж щыIэ, дзэ къулыкъущIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэнымкIэ Зыуэ щыт республикэ штабым и лэжьыгъэм ипкъ иткIэ.

Иджырей дэIэпыкъуныгъэм хыхьащ технологие лъагэ зиIэ Iэмэпсымэхэр: БПЛА-хэр, тепловизорхэр, дронхэр къызэрагъэсэбэп Iэмэпсымэ щхьэхуэхэр. Абыхэм къанэмыщIауэ, ди зауэлIхэм Нивэ автомобилри хурагъашэ.

Гулъэр зэуапIэм зышэжыну пщэрылъ зыхуащIар 34-нэ гвардейскэ мотострелковэ (бгырыс) бригадэм и командирым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ткаченко Романщ.

Зауэ къулыкъущIэм фIыщIэ хуищIащ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, дэIэпыкъуныгъэр зэхуэзыхьэсахэм, республикэм щыпсэухэм. Абы къыхигъэщащ къаIэрыхьа техникэм хуабжьу зауэлIхэр зэрыхуэныкъуэр, икIи дэтхэнэми и дэIэпыкъуныгъэм зэрыригушхуэр, пщIэ зэрыхуащIыр.

**АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

Экологие



Къэрэшей-Черкес Республикэм коммунальнэ кIэрыхубжьэрыху быдэхэм илъэс кIуам зэрелэжьамрэ а Iуэхумкlэ 2026-2027 гъэхэм я мурадхэмрэ къытепсэлъыхьащ республикэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемрэкIэ и министрым и къуэдзэ Лызинэ Янэ.

# КIэрыхубжьэрыхум зэрелэжьынур

Псом япэ IэщIагъэрылажьэм и гугъу ищIащ кIэрыхубжьэрыху быдэхэм зделэжь щIыпIэу диIэхэмрэ абы дяпэкIэ къыхагъэхъуэнухэмрэ.

— НобэкIэ ди хэгъуэгум щолажьэ кIэрыхубжьэрыхухэр здызэхадз щIыпIитI — «Чистый город», «Полигон» ООО-хэм я комплексхэр. Япэрейм зэхэдзынымкIэ и лъэщагъыр къэбгъэлъагъуэмэ, илъэсым кIэрыхубжьэрыху быдэу тонн 20, «Полигон»-м илъэсым деж тонн 40 щызэхадзыф. Ахэр Черкесск къалэмрэ Усть-Жэгуэтэмрэщ здэщыIэр.

«Экологие зэIузэпэщыныгъэ» лъэпкъ проектым хыхьэ «Экономика замкнутого цикла» федеральнэ проектым ипкъ иту, Зеленчук жылагъуэм щаухуэн я мурадщ кIэрыхубжьэрыхухэр здызэхадз IуэхущIапIэщIэ. Ар адрейхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъэщу щытынущ, икIи илъэсым тонн мин 60-м нэсым елэжьыфынущ, апхуэдиз ягъэкIуэдыфынущ е щIыгъэпшэр къыхащIыкI хъунущ. АбыкIэ зэгурыIуэныгъэр зэдащIауэ, проект-сметэ дэфтэрхэр ягъэхьэзыр икIи ухуэныгъэр 2029 гъэм хуэкIуэу яухыну ягъэнаIуэ, — жиIащ министрым и къуэдзэм.

ЦIыху куэд егъэтхьэусыхэ кIэрыхубжьэрыхухэр игъуэу зэрыдамышым, ахэр зэхуэхьэса зэрыхъум. IэщIагъэрылажьэм къыхигъэщащ зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыщыIэнур, Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызихъуэжынур. Жылэхэм кIэрыхубжьэрыхухэр къыдэшынымкIэ хэгъуэгу операторхэм я лэжьыгъэм щытепсэлъыхьым Лызинэм жиIащ республикэм ар щIыпIитIу гуэшауэ къыхашу зэрыщытар. Иджы здэлэжьэну щIыпIэхэр Iыхьищу ягуэшащ: езанэ щIыпIэм Черкесск къалэмрэ Ильичевскэ къуажэмрэ, етIуанэм — Зеленчук, Уарп, Къэрэшей районхэр, Карачаевск къалэр, ещанэ Iыхьэм — Усть-Жэгуэтэ, Прикубан, Мало-Къэрэшей, Нэгъуей, Адыгэ-Хьэблэ, Хьэбэз, Абазэ районхэр хеубыдэ. ЕтIуанэ, ещанэ щIыпIэхэм щылэжьэну, кIэрыхубжьэрыху быдэхэр къызэщIэзыкъуэну хэгъуэгу операторхэр къыхэхынымкIэ республикэм щIыуэпсымрэ экологиемрэкIэ и Министерствэм зэпеуэ иригъэкIуэкIащ.

КъинэмыщIауэ, абы дыщигъэгъуэзащ «Экономика замкнутого цикла» проектым ипкъ иту, кIэрыхубжьэрыху быдэхэр зэхэдзыныр нэхъри фIагъ хэлъу къызэгъэпэщын мурадкIэ, Мало-Къэрэшей районым илъэсым тонни 10 хуэдиз здызэхадзын щIыпIэ «Чистый город» ООО-м иухуэну зэримурадыр. Абы хэтуи, Усть-Жэгуэтэ дэт апхуэдэ комплексым и лъэщагъыр иджыпсту тонн 20-у щытмэ, абы тонн 40-м нэс щызэхадзыфу ягъэпсын я гугъэщ.

А зэхъуэкIыныгъэщIэхэм 2030 гъэ нэгъунэ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр проценти 100-кIэ зэхадзыфыным дыхуишэну щогугъ.

КъинэмыщIауэ, республикэм контейнер къэщэхунымкIэ къалэн щхьэхуэ игъэбелджылащ. Абы ипкъ иту, контейнерхэмрэ ахэр здэщытыну щIыпIэхэмрэ дяпэкIэ зы теплъэ, зы щIыкIэ яIэу ягъэпсыну жиIащ IэщIагъэрылажьэм.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

Динырыгъуазэ

**«Гугъэмрэ фIэщхъуныгъэмрэ щIыгъуу Рэмэдан мазэм нэщI зыIыгъам ипэкIэ ищIа гуэныхьхэр хуигъэгъунущ» (Iэл-Бухъари, Муслъим)**

# Зэдыхэщхьэж пшыхь

Мазаем и 19-м Черкесск къалэм дэт соборнэ мэжджытым къыщызэIуахащ «Шатёр Рамадана 2026»-р. Абы и къалэну щытынур — нэщI мазэр екIуэкIыхун, махуэ къэс абдеж щыхэщхьэжынущ махуэ псом нэщI зыIыгъауэ екIуалIэ дэтхэнэри. Мэжджытым и «цокольнэ» къатым пэшышхуэ къыщыхухагъэкIащ хэщхьэж пшыхьхэр тыншу щрагъэкIуэкIыным. Пэшым и метр зэбгъузэнатIэ миным нэс плиткэкIэ кърагъэпкIыкIащ, Iэнэ кIыхьхэр, тIысыпIэхэр щIагъэуващ, псори зэхэту цIыху 700-м щIигъу зэрыщIэхуэным трагъэпсыхьащ сыт и лъэныкъуэкIи.

— Нобэ къызэIудох махуэ къэс муслъымэнхэр здызэдыхэщхьэжыфыну Шатыр. Нэгъаби мыпхуэдэу къызэдгъэпэщауэ щытащ, ауэ тынш дыдэтэкъым, щIыIэт. Ар Iуэхум къыхэтлъытэкIэрэ, мы гъэм мис мыпхуэдэу Iуэхум дыбгъэдыхьащ. ЦIыхухэр хуейщ зэхэту нэмэз ящIыну, зэщIыгъуу зэдыхэщхьэжыну. Хэщхьэж пшыхьхэр къызэзыгъэпэщыну хуей цIыху псапащIэхэр, жумартхэр республикэм ди мащIэкъым, абыкIэ гугъу дехьынукъым. Ари жыIэпхъэщи, нэщIар хэзыгъэщхьэжым езым и сэуапщ апхуэдэ Iуэху угъурлым къыпэкIуэр, — жиIащ КъЧР-м и муфтий Эркенов хьэжы Мухьэммад, абы къыдэкIуэуи фIыщIэ яхуищIащ нэгъаби мы гъэми жылагъуэ зэдыхэщхьэж пшыхьхэр къызэгъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъухэм.

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, и щхьэкIэ къыбгъэдэкIыу IуэхуфIым пэджэж хъуэхъу псалъэ гуапэхэмкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ хэгъуэгум и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Хубиев Марат. ФIыщIэ псалъэкIэ къыхигъэщащ дин Iуэхухэр зэкIэлъыгъэкIуауэ, муслъымэн уммэр зы ищIу лажьэ ДУМ-м и тхьэмадэ, республикэм и муфтий Эркенов хьэжы Мухьэммад.

Хъуэхъу псалъэ гуапэхэр къызэхуэсахэми, нэщI ихьа муслъымэн жылагъуэми яхуигъэфэщащ республикэ IэзапIэ-реабилитацэ Купсэм и унафэщI Темрезов Бориспий.

— Къуэш, шыпхъу лъапIэхэ, си гум къыбгъэдэкIыу псоми сывохъуэхъу дызытехьа нэщI мазэм и щIыхькIэ. Дохутыр хуэдэу, псом япэу, сызэрывэхъуэхъур узыншагъэ быдэщ. ЕхъулIэныгъэ, берычэт фи Iуэху къэс къыфхудигъакIуэ! — жиIащ нэхъыжьым.

Темрезов Бориспий, Эркенов хьэжы Мухьэммад, Хубиев Марат сымэ лентI плъыжьыр зэпаупщIащ, Шатырыр зэрызэIуахам и щыхьэту. Асыхьэтуи уафэгур къагъэскIащ хьэрэкIытIэ зэмыфэгъухэм, балигъи сабии, пшыхьым хэта дэтхэнэми и гулъытэр яхьэхуу, гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ нэхъри къахуигъэушу.

Псори зэхэту цIыху 700-м щIигъу а махуэм Шатырым щызэдыхэщхьэжащ, нэмэз зэдащIащ, Тхьэ зэделъэIуащ.

А пщыхьэщхьэм къекIуэлIахэр хэгъэщхьэжыныр къызэзыгъэпэщар Коркмазовхэ я унагъуэращ. Зытраухуар дунейм ехыжа я нэрыбгэращ — Коркмазов Алибек Жэхьфэр и къуэм икIи къызэхуэсахэм псоми дыуэ хуащIащ. Муфтийм фIыщIэ псалъэхэр унагъуэм хуигъэзащ, жиIащ ящIа IуэхуфIыр къабыл хъуну, псапэрэ берычэту къахуригъэгъэзэжыну.

К ъ ы х э г ъ э щ ы п х ъ э щ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым «Шатёр Рамадана 2026» къызэрызэIуахам нэхъри мыхьэнэшхуэ зэриIэр. АтIэ, абы щызэхуос республикэм щыпсэу лъэпкъ куэдым къахэкIа цIыхухэр. А пщыхьэщхьэр къапщтэмэ, къеблэгъахэм куэду яхэплъагъуэт Индием къикIауэ ди хэгъуэгум щеджэ, щылажьэ щIалэгъуалэри. Ди республикэм щыщыIэ зэпIэзэрытыныгъэм, жылагъуэ узыншэм, зэхэтыкIэ дахэм я щыхьэт ирокъукъэ ари?! Апхуэдэ зэкъуэтыныгъэм, зэгъусэу зы Iуэху угъурлы зэдэIэтыным иджыри зэ хьэкъ тщещI зэныбжьэгъугъэм, зэрылъытэныгъэм, гущIэгъуныгъэм, гулъытэм я къарур, абыхэм нэщI мазэм нэхъри хэхауэ дытетын зэрыхуейр.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Проект

**Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм, Москва, Поклоннэ Iуащхьэм щрагъэжьащ «Зарница 2.0» Урысейпсо зауэхэкупсэ джэгугъуэхэм я ещанэ Iыхьэр.**

# «Зарница»-р къоджэ

«Зарница 2.0»-р — ипэкIэ щыIа совет зауэ-спортивнэ джэгугъуэхэм ящхьу къызэгъэпэща проектщ. Проектым и къызэгъэпэщакIуэщ «»Движение Первых», «Юнармия» зэгухьэныгъэхэр, «ВОИН» Купсэр, и щIэгъэкъуэнщ УФ-м щIэнгъуазэмкIэ Министерствэр, Росмолодежыр. Проектым зэрешалIэ къэралым и дэнэ къуапи щыпсэу щIалэгъуалэ мелуан бжыгъэ.

Илъэси 7-23-рэ зи ныбжь еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ я унэтIакIуэхэщ СВО-м хэтахэр, ветеранхэр. Абыхэм я нэIэм щIэту зрагъасэ зауэлI IэщIагъэхэм, зэфIэкIхэм, БПЛА-м я зегъэкIуэкIэм, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ егъэгъуэтыкIэм, кибершынагъуэм зэрыпэщIэтынум, нэгъуэщIхэми. Гулъытэ хэха хуащI зэгъусэу, гупу лэжьэфу, зэгурыIуэу зрагъэсэным, стратегием.

Къэрэшей-Черкес Республикэм дежи мы джэгугъуэхэр щыцIэрыIуэщ икIи псори зэхэту нэрыбгэ мини 10-м нэс къызэщIаубыдэ. Илъэс кIуам республикэм и командэм Ищхъэрэ-Кавказ федеральнэ хэгъуэгум нэхъыжь ныбжьым ит гупхэм деж бжыпэр щиубыдри, чемпион хъуащ.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и щIалэгъуалэр проектым хыхьэну къыхуреджэ.

Масленица

# ЩIымахуэр ягъэкIуэтэж



Къэрэшей-Черкесыр илъэси 100 зэрырикъумкIэ и паркым «Ты прощай, наша Масленица» гуфIэгъуэ дауэдапщэ щекIуэкIащ. Абы ипкъ иту, Iуэхугъуэр къызэзыгъэпэщахэм блинхэмрэ хъыршын IэфIхэмрэ куэду ягъэжьащ, хьэлыгъуанэхэр, варенье, джем зэмылIэужьыгъуэхэр, мэ гуакIуэ къызыхих шайхэмрэ компот IэфIхэмрэ зэхуахьэсащ.

КъинэмыщIауэ, масленицэм и IэрыщIхэм я зэпеуэ, сабий художественнэ еджапIэм и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къызэрагъэпэщащ. Махуэшхуэм и хьэщIэ цIыкIухэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я нэгу зрагъэужьащ аниматорхэм, артистхэм уэрэд жаIащ, къэфащ, хъыбар тхыдэм къыхэщыж лIыхъужьхэм я гъусэу джэгу къащIащ.

Сабий куэд къызэщIрагъэубыдащ спорт зэхьэзэхуэхэм — къэпым иту пкIэнкIэ зэпеуахэщ, щхьэнтэкIэ зэзэуахэщ, кIапсэкIэ зэпеIахэщ. Адрей утыкухэм сурэт зэхуэмыдэхэмрэ IэрыщIхэмрэ къыщагъэщIащ.



А махуэм, паркым и утыкум, балигъхэми сабийхэми я гуфIэгъуэ макъыр щыкуэдащ!

**ЕЗАУЭ Маринэ**

Гъуэгу шынагъуэншагъэ

# Гъэсэныгъэм къыхураджащ



Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм ипкъ иту, гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэным къыхуеджэнымкIэ Черкесск къалэ ОМВД-м и инспекторхэу Галустян Еленэрэ Ляшовэ Галинэрэ махуэщI акцэ республикэ къалащхьэм и гъуэгухэм щрагъэкIуэкIащ.

Полицэм и къулыкъущIэ бзылъхугъэхэм цIыхухъу – водителхэр къагъэувыIэурэ я махуэщIымкIэ яхъуэхъуащ. ИкIи, хъуэхъухэм къадэкIуэу, автоинспекторхэм водителхэм тыгъэ хуащIащ къахуэсэбэпыну саугъэт цIыкIухэр — профилактическэ фэеплъ тхыгъэхэмрэ ПДД хабзэхэр къыздэгъэлъэгъуа, щIэуэ къыдагъэкIа тхылъ цIыкIумрэ.

КъинэмыщIауэ, зэпсэлъэныгъэхэм къадэкIуэу, автоинспекторхэм водителхэм ягу къагъэкIыжащ жэуаплыгъэ яхэлъу гъуэгум зэрыщызекIуэн хуейр, абы мыхьэнэшхуэ зэрыхэлъыр, къыхураджащ щапхъэгъэлъагъуэу транспортыр кърахуэкIыну, гъэсэныгъэ зыхагъэлъыну, ПДД хабзэхэр текI имыIэу ягъэзэщIэну.

Водитель-цIыхухъухэми полицэм и къулыкъущIэ бзылъхугъэхэм фIыщIэ хуащIащ къыхуащIа гулъытэм, пэмыплъагъэххэу зэрагъэгуфIам папщIэ. ИкIи, псалъэ ятащ гъуэгухэм шынагъуэншэу щызекIуэну.

**Ди корр.**

Контракт къулыкъу





**СТАНЬ ПРИМЕРОМ ПАТРИОТИЗМА И ГОРДОСТИ**
**для будущих поколений — выбери путь единства, братства и преданного служения Родине**

В Карачаево-Черкесии объявлен набор в элитное добровольческое интернациональное подразделение «Домбай».

Подразделение «Домбай» – это особые условия службы по контракту для мужчин от 18 до 55 лет:

- срочный контракт от 6 до 12 месяцев без автоматических продлений;
- единовременные денежные выплаты и достойная заработная плата;
- современное обмундирование;
- статус ветерана и все льготы по окончании контракта;
- сохранение основного рабочего места на период прохождения службы в добровольческом подразделении.

Подразделение «ДОМБАЙ» будет действовать в составе прославленной бригады «ТЕРЕК».

**Подробнее по адресу: Штаб общественной поддержки Карачаево-Черкесии, г. Черкесск, ул. Кооперативная 6 (2 этаж) или по тел. 8 918 712 00 23. (Звонки принимаются в будни с 09.00 до 18.00)**

**Стать частью братства «Домбай» - значит стать частью великой миссии!**






Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

**Черкес хэку**
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
цифровой каналхэм я зыужьыныгъэмкIэ къудамэм и редактор АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.

Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.

Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Николькэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2802-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
дежурнэ редактор ЧЫРБЫЖ Иринэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ХЬЭБЭЧЫР Даринэ